

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ku ayana globalisasi atawa ayana prosés integrasi internasional dina jaman kiwari ngabalukarkeun sababaraha faktor, boh positif boh négatif. Conto positifna nya éta bisa mikanyaho kana élmu pangaweruh anu anyar jeung kabudayaan luar anu loba, conto négatifna nya éta beuki nyirorotna ajén-inajén kabudayaan warisan karuhun, kusabab kapangaruhan ku budaya bangsa deungeun.

Kiwari masarakat téh resep cara praktis dina ngungkulan sagala rupa hal dina kahirupanana sapopoé, pamikiranana leuwih maju, kritis, sarta milih nu luyu jeung bisa ngigelan jaman dibandingkeun jeung kabudayaan lokal. Upamana baé, ibu-ibu jaman kiwari geus leuwih resep tur milih nyangu maké *magic com* tibatan kudu beurat-beurat ngala suluh ka leuweung atawa huma, nyeungeut seuneu dina hawu, jeung sakapeung kudu ditiuwan maké songsong sangkan seuneu tuluy hurung, nepi ka éta bées téh jadi sangu. Nyangu maké *magic com* mah teu kudu riweuh, cukup ku nyolokkeun kabelna, kurang leuwih satengah jam ogé tangtu baris asak. Éta hal téh moal jauh tina ayana pangaruh globalisasi téa jeung kamekaran téhnologi. Tangtu kabiasaan-kabiasaan jaman baheula téh bisa éléh atawa malahan bisa jadi leungit.

Kasadaran masarakat kana ngamumulé kabudayaan téh beuki dieu beuki heureut, kusabab ayana parobahan pola hirup masarakat anu leuwih modéren. Éta ogé tangtu aya pangaruhna kana éksisténsi budaya Sunda, nu kiwari mah geus teu pati dipaliré.

Dina kahirupanana, masarakat Sunda moal jauh tina upacara adat, ti mimiti dina jero kakandungan nepi ka maot. Contona waé nalika kakandungan aya upacara nujuh bulan, bral ka alam dunya éta orok téh disawér, tuluy sanggeus nincak kana waktuna dituluykeun ku ékah. Sanggeus kitu, nalika hirup ti mimiti budak nepi ka gedé/déwasa ogé aya upacara anu dilakonan deui, di antarana disunatan, tuluy dina mangsa kawin aya ngeuyeuk seureuh, siraman, sawér pangantén jeung nincak endog. Tradisi nu patali jeung maot di antarana nya éta tiluna, tujuhna, matangpuluhan, natus jeung mendak taun. Atuh dina hirup kumbuh

di masarakat sosialna aya hajat lembur, hajat solokan, sidekah tutulak, jeung réa deui. Ieu hal téh saéstuna mah jadi ciri tina budaya Sunda, anu ngabédakeun jeung budaya anu séjéna.

Indonésia mangrupa nagara anu multikultural, beunghar ku basa katut budayana. Ieu hal mangrupa hasil tina kabeungharan sélér bangsa jeung budayana anu kudu dipiara sangkan henteu laas ku jaman.

Budaya nya éta kabiasaan jeung tradisi di hiji kelompok atawa masarakat sarta turun-tumurun ti generasi ka generasi. Kabiasaan ngahasilkeun budaya anu mangrupa hasil pamikiran, gagasan atawa ide, jeung karya manusa anu ngandung kaéndahan.

Koentjaraningrat (2015, kc. 11) nétélakeun yén *kebudayaan* yaitu *keseluruhan gagasan dan karya manusia, yang harus dibiasakanya dengan belajar, beserta keseluruhan dari hasil budi dan karyanya itu.*

Dina kabudayaan tangtu aya simbol-simbol budaya anu sipatna konvénisional. Ieu hal gumantung kana kasapukan nu dipaké ku kelompok atawa masarakat nu makéna. Ieu palaku seni miboga tujuan pikeun ngaéksprésikeun sagala rasa jeung pikiranana dina ngébréhkeun rasa sukur ka Alloh SWT anu digambarkeun ngaliwatan éta simbol-simbol, sarta dina ngalaksanakeunana tangtu miboga tujuan anu kudu dihontal.

Éta simbol-simbol kabudayaan téh tangtu miboga harti tur falsafahna, ari falsafah (filsafat) asalna tina basa Yunani; *filosofia/filosofein*, anu hartina *mencintai kebijaksanaan* atawa cinta kana kawijaksanaan atawa cinta kaarifan. Falsafah mangrupa pandangan hirup sabab falsafah dina hakékatna mah sumberna ti kodrat pribadi manusa. Ku ayana unsur rasa, manusa bisa nyiptakeun falsafah estetika.

John Dewey (dina Achmadi, 2012, kc.3) nétélakeun yén:

Filsafat haruslah dipandang sebagai suatu pengungkapan mengenai perjuangan manusia secara terus-menerus dalam upaya melakukan penyesuaian berbagai tradisi yang membentuk budi manusia terhadap kecenderungan-kecenderungan ilmiah dan cita-cita politik yang baru dan yang tidak sejalan dengan wewenang yang diajukan. Tegasnya, filsafat sebagai suatu alat untuk membuat penyesuaian-penesuaian di antara yang lama dan yang baru dalam suatu kebudayaan.

Upacara adat dianggap kudu dilakukeun ku sakabéh warga masarakat anu masih kénéh miboga kapercayaan kana adat-istiadat ti karuhuna. Tujuanana bédabéda, luyu jeung kapercayaan masarakatna. Aya anu pakaitna jeung alam, atawa pikeun ngahormat karuhuna tur kana adat istiadatna, lantaran saacana masarakat geus dalit jeung kabiasaan-kabiasaan kolotna baheula. Ku dilaksanakeunana ieu tradisi, dianggap bisa ngajauhkeun tina sakabéh hal-hal anu matak ngarugikeun tur bisa ngajaga kasalametan masarakatna. Masarakat ogé yakin yén éta upacara téh miboga unsur magis anu kuat.

Di tatar Sunda, aya sababaraha daerah anu masih kénéh ngalaksanakeun upacara Hajat Lembur, salasahijina aya di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung. Sanajan ieu tradisi téh teu ahéng deui pikeun urang salaku urang Sunda, tapi tangtu waé miboga ajén-inajén jeung ciri has séwang-séwangan, gumantung kana adat-istiadat anu dipakéna.

Upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang miboga ajén-inajén kabudayaan anu kacida hadéna. Tapi éta ajén-inajén bisa robah atawa leungit lamun urang Sundana henteu bisa ngarojong pikeun ngajaga ieu tradisi.

Ieu upacara can aya anu nalungtik, sanajan disebutkeun dina skripsi ngeunaan ajén budaya arsitektur imah adat Kampung Cikondang anu dilaksanakeun ku Luckyta Anjar Destari taun 2010. Sanajan subjékna sarua, tapi nu ditalungtikna béda. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan prak-prakan upacara Hajat Lembur sacara gembleng, ogé ngeunaan simbol-simbol jeung falsafah anu nyampak dina ieu upacara, sarta rélévansi upacara Hajat Lembur jeung kahirupan masarakat Kampung Adat Cikondang kiwari. Hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun hiji dokuméntasi tur dina raraga ngamumulé kasenian anu aya di Indonesia hususna di Jawa Barat. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif, sedengkeun téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, observasi, wawancara jeung dokuméntasi (rekaman sora jeung video).

Réa panalungtikan ngeunaan budaya hiji daerah. Ieu di handap aya conto skripsi anu patali jeung budaya anu aya di Kampung Adat Cikondang, di antarana nya éta:

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

**AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA
LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) "Ajén Budaya dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung", ku Luckyta Anjar Destari taun 2010.
- 2) "Ajén Falsafah Iket Sunda (Tilikan Sémiotik Kana Motif, Rupa, Warna, jeung Pungsi di Kampung Adat Cikondang Kabupaten Bandung)", ku Dadan Mulyana taun 2013.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat jeung motivasi dina ngajaga budaya jeung tradisi. Dipiharep para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, jeung bisa ngajaga ieu warisan karuhun téh. Lantaran tradisi Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang téh can kungsi ditalungtik, ku kituna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun.

Salasahiji cara pikeun ngawanohkeun upacara Hajat Lembur nya éta ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Salian ti nepikeun informasi, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi pangdeudeul pikeun pangaweruh siswa, sangkan siswa apal jeung wanoh kana upacara Hajat Lembur, sarta kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta upacara.

Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal (2013, kc. 59) SMA/SMK/MA/MAK kelas XII, ngeunaan budaya/maca artikel kabudayaan aya dina Kompetensi Inti (KI) nya éta:

Memahami menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, berdasarkan rasa ingin tahunya terhadap ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya dan humaniora, dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan procedural padsa bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.

Sedengkeun Kompetensi Dasar (KD)na nyaéta *Mengidentifikasi dan menganalisis teks artikel berdasarkan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.*

Lian ti éta, ayana Peraturan Gubernur Jawa Barat No. 69 taun 2013 ngeunaan *Pembelajaran Mulok Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang satuan dasar dan menengah*, sarta *Kompetensi Inti dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah* didasaran ku ayana *Petaruran Daerah Provinsi Jawa Barat* No. 5 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah*, anu netepkeun basa Daerah diajarkeun di pendidikan dasar di Jawa Barat. Luyu ogé jeung *Peraturan Pemerintah Republik Indonesia* No. 19 taun 2005 ngeunaan *Rinie Mutia Widaningsih, 2015*

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Standar Nasional Pendidikan, Bab III Pasal 7 Ayat 3-8, anu nétélakeun yén ti SD/MI/SDLB, SMP/MTs./SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK dibéré pangajaran muatan lokal anu rélévan jeung Rékomendasi UNESCO taun 1999 ngeunaan "*pemeliharaan bahasa-bahasa Ibu di dunia*".

Ieu panalungtikan dilaksanakeun tur dipatalikeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda dina maca artikel budaya di SMA/SMK/MA/MAK kelas XII. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan "Ajén Falsafah dina Upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA".

1.2 Rumusan Masalah

Ieu rumusan masalah téh diwincik dina wangu kalimah tanya ieu di handap:

- 1) Kumaha asal-usul Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung téh?
- 2) Kumaha prak-prakanana Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung téh?
- 3) Ajén falsafah naon baé anu kapanggih tur nyampak dina kagiatan upacara tradisi Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung téh?
- 4) Kumaha déskripsi hasil panalungtikan upacara Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta maluruh ajén falsafah anu nyangkaruk dina kagiatan upacara adat Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung. Di sagigireun éta, ogé meunangkeun pangaweruh ngeunaan asal-muasal, prak-prakan upacara adat, tur rélévansina éta upacara adat dina kahirupan masarakatna kiwari.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeyun:

- 1) sajarah Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung;
- 2) prak-prakan upacara tradisi Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung;
- 3) ajén falsafah anu nyampak dina upacara tradisi Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung; jeung
- 4) conto bahan pangajaran anu bisa dipaké ngeunaan matéri Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho kana sajarah, prak-prakan, jeung falsafah anu aya dina upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang, sangkan ieu tradisi bisa kapiara deui. Salian ti éta hasil ieu panalungtikan bisa digunakeun dina widang paélmuan anu séjéna, contona dijadikeun bahan pangajaran maca di sakola SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Pikeun guru, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan maca artikel di SMA.
- 2) Pikeun murid, dipiharep sangkan maham kana salahiji tradisi Sunda, nya éta tradisi Hajat Lembur di Kampung Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung
- 3) Pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun élmu ngeunaan panalungtikan, pikeun nambahán élmu pangaweruh ogé dina widang kasundaan.

- 4) Pikeun masarakat umum, bisa méré motivasi ka nu maca, bisa nambahann pangaweruh ngeunaan upacara tradisi Hajat Lembur, bisa méré pangrojong dina ngamumulé budaya Sunda salaku warisan karuhun urang.

1.5 Raraga Tulisan

Gurat badag dina nyusun ieu skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, nu ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan, nu ngawengku lokasi jeung sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Ajén Falsafah dina Upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung pikeun Bahan Maca di SMA, nu ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran.

Bab V Panutup, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung inti sari tina skripsi, nu ngawengku kacindekan jeung saran.